(Глава 1)

# Лакхарчу Австрехь цхьанавахар. Х1ара справочник ю лакхарчу Австрехь дуьххьара д1аволаваларх лаьцна.

## Дешхьалхе:Лакхарчу Австрехь цхьанавахар.

Керлачу меттиге схьавар дакхицчах хума ду. Дуьххьарлерчу хенахь озавалар хуьлу, дуккха а хаттарш хиттало. Лакхарчу Австрехь шу тидам бийр бу. Кху справочника т1ехь шуна карор ю шайна оьшу информаци, масала,балхах,дешарх, финансех,могашаллех, 1ер-вахарх, гонахарчу 1аламах, транспортах лаьцна.

Суна хазахетар ю лакхарчу Австрехь вайн дика юкъаметтиг!

Руди Аншобер

Интеграционни латти.

Хьехам: Деша кхи а " Sozialratgeber" лакхарчу Австрин. Цигахь шуна карор ю кхи а дукха оьшуш йолу информаци.Шу хьа эца таро хир ю книга "Sozialratgeber", правительстван штатехь, аьлчи а. Landesregierung. Soziales отделехь, я лакхарчу Австрин учреждени вебсайт т1ехь: www.land-oberoesterreich.gv.at.

**Чулацам**
Дерригенах а
болх а, экономика а
Образовани
Финансаш а, счетш а
Могшалла
Гонахара 1алам лардар
1ар-вахар
Транспорт
Цхьанадахар

Австрех, Федеральни латтар лакхарчу Австрех лаьц

## ( Глава 2)

## Австри к1хи Лакхара Австри латт

Австри-демократически республик а, федеральни пачхьалкхь ю. Австри 9 декъе екъна ю : Бургенлад  (Bgld) коьрт1ала Айзенштат ю, Кэртнер (Ktn) коьртг1ала Клагенфурт ю, лахара Австри (NÖ) коьртг1ала Сант Пёльтен ю, лакхара Австри (OÖ) коьртг1ала Линц ю, Зальцбург (Sbg) коьртаг1ала Зальцбург ю, Штаермарк (Stmk) коьртаг1ала Грац ю, Тироль (T) коьртаг1ала Инсбург ю, Форальберг (Vbg) коьртаг1ала Брегенц ю а Вени коьртаг1ала Вена ю. Пачхьалкхан куьйгалхо ву Федеральни президент. Австрийски правительстван резиденци ю федеральни столицехь Венехь, шина палатех хоьттина: Национальни Совет а, Федеральни совет. Правительстван председатель ву федеральни канцлер. 1995-чу шарахь дуьйна Австри Европейски союзан декъашхо ю. Австри Объединенни Наци,ООН-на  декъашхо ю. Австрехь лелаш долу ахча евро ду.

### Австри

Латта: 838781 км 2.
Бахархой: 8700471 ( багарбина 1.1.2016г.)
Федеральни столица: Вена
Къоман дезза де: 26 октября

### Лакхара Австри

Лакхара Австри доцца а, кхеташ
Лакхара Австри диолг1а дакъа ду Австрин. Географически 4 декъе екъна ю и: Хаусрукфиртель Иннфиртель , Мюльфиртель а Траунфиртель. Линца а, Вельса а, Штайера а, Енса а юкъахь йолчу меттигех коьрта чоь олу.  Линцехь ю заседани Ландестагс,( парламент, федеральни латта,) правительство. Правительстван Председатель ву Глава, Мэр.

Ерриге меттиг: 11.981.74 км2
Бахархой: 1453948(112016)
Столица: Линц
Коьрта хиш: Дунай, Инн, Зальцах ,Энс ,Траун ,Штайер
Лекха лаьмнаш: Дахштайн ( 2,995 м)Йоккха Приль( 2,515м)
Даккхий 1аьмнаш: Атерзе, Траунзе, Мондзе

Лакхарчу Австрехь ю 15 тайп-тайпа к1оштахьа, кхоъ коьрта г1ала- Линц, Вельс, Штаер, уьш екъна ю 441 сообществ. Цу к1оштий,коьртехь ву Мэр.

## ( Глава 3)

## Болх а экономика

Болх а, экономика а Австрехь дукккха а тайп-тайпан направленеш ю. Социальный страховко направленеш къаста йо. Австрехь шу йиш ю дийн дахала а ахдийнахь а болх ба. Уьш билгал йовлу социальни д1ах1оттамашца.
Шун аьтто хир бу белхан меттиг хила , юьззина , юьззина йоцу а хеннаца ( я белхалочо ша хоржу шеен белхан барам) . Шайн белхан сахьташка хьаьжна шуна хир ду алпа а. Австрехь зударийн а, божарийн цхьатера бу, цу хьокъех т1еэцна закон ду церан.

### Страховка

Х1ора белхало ларвина ( застрахованни) ву даима боцчу белхах вохарех. И бохург ду болх боцуш висарна алап ,больничнина ,аварина я пенсина ларвина ( застрахованни) ву. Нагахь сана айхьа болх бечу заман чохь хьо застрахованни хиллехь хьан бакъо ю къинхьегаман биржегара страхованехь билгалъяьхначу бакъонашца алап деха. Налогаш хьан белхан алапа т1ера совцор ю. Шарахь цкъа шун аьтто хир бу шаьш д1аеллачу налогех цкъа дакъа схьаэца.

#### Муха карор бу суна болх?

Болх лаха а, каро а хала ду. Амма догдилла мегар дац! Белхан меттигаш шуна каро аьтто бу къинхьегаман биржехь а, газеташкахь а, интернетан цхьайолу сайташ т1ехь а. Аша шаьш д1адовзийта мегар ду предприятешкахь, цигахь белхан меттигаш яцахь а. Къинхьегаман биржо г1о дийр ду шуна белхан а, дешаран а, меттигаш лохуш. Къинхьегаман биржехь шуна кхи а г1о дийр ду хьо болх а беш кхи д1а а деша лууш велахь т1ейог1учу хенахь. Кхи а алссам хаамаш карор бу шуна окху сайт т1ехь**:** **www.ams.at** .Къинхьегаман биржо хаам бийр бу шуьга билгалчу проектех лаьцна. Массала : зударшна а,кегийрхошна а.

Социальни консультацешках шуна маьхза, индивидуальни, нейтральни ,а социальни балнаш ,тешаме г1о до. Шуна информаци массера регинальни г1о деш страховка, а ахчи некьа .а дахарн некьа пособин массала: ( bedarfsorientierte Mindestsicherung) ю.

" Интеграци некъ & а болх Лакхара Австрехь " накъостал до д1айолош биржа труда к1хи д1а йолу белха квалификацийн. И кооперативни проэкт AMS OÖ биржа труда Лакхара Австри нийсайина мухьажршин , т1евеанчун, кховда йо предложени , информации а координаци центр биржа труда ю . Уьша карор интернет сайт т1ье ю www.wegweiser-integration-arbeit.at.

**(Глава 4)**

## Дешар

### Мотт караберзор

Дика дешар 1амадахь, шуна дика болх карор бу, бан болх боцуш зама наггахь бен йог1ур яц. Иштта шайна а, шайн доьзалан а хиндолчун ккачоян таро а хир ю.
Дешар 1амадар школехь долалуш дац. Уггар хьалха шен ненан мотт дика 1амийначу берана атта хир ду шолг1а мотт 1амо. Цундела шайн берашца царна дика хууш болчу маттахь де кьамел. Бераша а,шуна а юкьахь дика тешаме юкьаметтиг хилахь, шу вовшех кхеташ хилахь, берашна атта хир ду кхин мот караберзо. Жимчохь кхин меттанаш 1амадарх лаьцна хаамаш хир бу сайта т1ехь: www.sprich-mit-mit.at **.** Цу т1ехь шу беран аьтто хир бу немцойн мотт 1амабан берин бешан я яслях. Шун берийн аьтто хила беза немцойн мотт 1амо. И аьтто хила тарло берийн бешахула. Шен болх бан а, 1ен а, ваха а Австрехь мехала ду немцойн мотт 1амор. Башхалла яцтуькнахь велахь а, я лоьрана т1е вахна хуьйла и, я балхахь хуьлийла иза. Немцойн мотт хууш волчунна боккха аьтто хир бу, хуманах кхета а,хьесап дан а. Иштта шеен доттаг1ашна юххехь а, белхан накъосташна юххехь а, я кхин болчу гуламашна юккъехь а, иштта кхин д1а а, атта хир ду немцойн мотт кхетар. Немцойн мотт хаар, нагахь хьо Австрехь вехаш велахь ч1ог1а мехала ду. Къастина бекхан аьтто бу. И хаа шун аьтто хир бу Integrationsstelle www.integrationsstelle–ooe-at.

### Берийн ясли (0-3 ШО) Берийн беш (3-6 ШО)

Австрехь берийн бешахь а, яслехь а берашка дика хьовсу. Хьехархоша кегийрачу берийн дика терго йо. Берийн таро хир ю доттаг1алло лело, цаьргахула шайна немцойн мотт 1амо. Австрехь 1а , ваха а ч1ог1а оьшуш бу немцойн мотт, туьканахь а, лоьрана т1е вахнехь а, балхахь велахь а .Немцойн мотт буьйцучун яккхий таронаш ю кхета массо а х1уманах. Иштта доттаг1ашна , белхан накьосташна юккъехь муьлхачу а цхьаьнакхетарехь атта хир ду и мотт хууш хилча.

### Ишколан систем

Австрийский дешарн систем дукху йиш йолуш ю, цхьаь б1арг тохар йиш ю х1оккузахь. К1хи т1е хаам шун карор бу австрийски ишколан систем маттдаккхар дин дукха к1хи меттанаш т1ехь -интернет сайт т1е федеральни министерстви дешарн ю www.bmb.gv.at ишта к1хи т1е www.schulpsychologie.at. К1хи ю интернет сайт Австри Ландесшульрат олуш йолу www.lsr-ooe.gv.at, лакхара Австри долара ишколнаш духе ккиа.

### Юкьара

Нагахь шу хатарш гулделлаьх г1оле ду ишколанц контакт хиларн. Собранеш хилар, дай-наний суьйренашкахь шуна хуур ду хинйолчу мероприятех лаьцна, ишколан лерина йолчу. Кхузахь таро хир ю дай-наной вовшаца гергарло таса. Дешархошна къаьстина мехала ду и цхьанакхетарш, шайн юкъера барт ч1аг1беш. Дукхалахь ишколашкахь дай-нанойн клубаш хуьлу, цара г1о до дешархошна а и меропиятеш д1ахьош. Дукхох йолчу ишколашкахь продленкаш ю, вуьшта аьлча берийн таро ю урокаш чекхевлча ишколехь 1ен, хьехархоша царна г1о до мукъачу хенахь ечу занятешна. И бахьана долуш берийн тарою шайн мотт 1ама .Шайн берашка хаттал ишта мотт 1амо таро юй? Дукхахьолахь

ишколашкахь не1арш йиллина денош хуьлу, цигахь шу аьтто хир бу шайна оьшург хаа. Х1ора ишколехь ю «Движение и спорт» ц1е йолу предмет, плавании а массо берийн цхьана.

**Ишкола а д1аяздар школе декхар**

Нагахь бер 31 Августахь ялх шо далах, Сентябрь баттах ишколе ваха декхар ду .
Кху шарахь ноябрь баттахь шу  бер ишколе дахале иза компетентный юьхьан ц1арчу ишколе д1аяздина хила деза. Оцу терминах лаьцна не1ар т1е д1ахоьтина хир ду, я шуна хаам бир бу. Бер ишколе д1аяздеш хьовсур ду и кийча ду, я кийча  дац хьалхарчу классе даха, иштта хир ю тест немцойн мотт хаар толлуш. Ишколе д1аязваран масийтта а1го хир ю. Австрехь мел дехачу берийн таро ю ишколехь деша, мотт 1амо. Ишколе доьдуш долу бер ялх шо кхаьчна хила деза. Дешар долало 1-чу сентябряхь, юккъера ишкола чеккхъяккха беро доьшу исс шарахь. Бер цалегуш хилар бен кхин бахьана а доцуш, наниий г1уда тухар ду. Каникулаш маца хир ю шуна хуур ду ишкольный советан страници т1ехь. Ше-нен меттахь Федеральный латташ т1ехь каникулаш цхьатерра цахилла мега, иза а хуур ду сайта т1ехь   www. lsr-ooe.gv.at/informationservice / elternschueler / ferientermine.html  www.bmb.gv.at 1едале хатт а ца хоттуш, ша 1аш волчу меттера бер д1адига бакъо яц каникулаш йолчу хенахь.

**Ишколан  кхиар а хьалхара ишкол**

 Ишколас къаста до бер кийча даьллахь дацахь, и бохург начальни ишколе лела хьалхе ду , амма иза хьалхара ишколе лела веза. И шо хьалхара ишколе лелаш хилаг исс шаре нийсло к1хи т1е цо г1о до беран дешарна 1. классях волавала .

**Юьхьанцарча школа**

Юьхьанцарчу школехь шун беро диъ шарехь доьшу. Цигахь беро 1амадо деша а, язян а, дагардан а. Немцойн мотт 1аморан хаарш лахара долчу дешархошна къаьстина тидам т1ебохуьйтур бу лакхарчу Австрехь. Юьхьанцарчу ишколана т1ехь ю ша тайп педагогаш болуш ишкол. Массала (MontessoriSchulen a Waldorf-Schulen) ). Цунах лаьцна шун йиш хир ю: www.montessori-oberoesterreich a www.wablorat. Диъ шарехь деш бойлч къасто йиш ю, средний ишкол я гимнази.

**Юккъера школа**

Кхи д1адеша а дика аттестат хила деза. Кхи д1а а информации шуна карор ю. Школьный советан сайт т1ехь: landesschulrates.arbeitkammer Юкъера ишколаш корматалла 1аморехь кхаа-деа шаре яхлуш ю. Лакхара ишколаш корматалла 1амор: Юкъера дешар, корматалла 1амор ишколехь Матура чакхяьккхинчул т1аьхьа пхиа шаре дахло.

**Ученичество (дешар)**

Ишколе чеккхъяьккхина кхин д1а дешалаахь, т1аьххьарчу йолу шарахь шайна даго т1еоьцуш йолу белхан меттиг лаха еза аш. Аттестат шун дикох мел хуьлу,белхан меттиг лаха еза аш. Аттестат шун дикох мел хуьлу, белхан меттиг лаха шуна атта хир ду. Кхин д1айолу информации тайп-тайпана йолу дешархочу корматталла шун лаха аьтто хир бу х1окку сайта т1ехь: Веб сайт http: // www.berufslexikon.at. Тренировочни белхнашках

молодежны сервис Лакхара Австри латтах г1о до болх лохуш .К1хи информаци лур ю шуна Wirtschaftskammer, Arbeiterkammer лакхарчу Австрехь .

htt://www.jugendservice.at/coaching. Нагахь дешар юккъх диснехь еш ю исключени, возможность ю экзамен яла. Кхи д1адеша шена езаш йолу корматалла лаха атта дац, цундела цу т1ехь к1орге ойла ян еза. Хууш волчух дагаваларх х1умма а дац.

## Керла юккъера ишкол

Керла юккъера ишколас кечбо дешархой шей интересашк а талանташк хьаьжна. Лакхара ишколан, а колледже лела йиш хилита. Гимназехь диь шарахь деша деза . Цигахь дешархой кечбо кхин д1а йолу лакхара классан экзаменшан. Гимнази цель ю дешархой Университете деша  бахитар . Барх1 класс чекх1ялич ишколи, а гимнази дешархош къаьсто деза кхин д1а мичахь лаьа деша. Декхар долу дешар чекхцадалахь, Политехникуме ваха веза 1 шарахь ,  йа кхин д1а ишколе лела веза. Массера гимназешкахь ю консультацеш дешарха ляцна, иза шей бере хатта мила ву цера и консультаци луш!

### Матура и студенчество

Матура чеккхяькхина вступительный экзаменаш д1аелча, деша ваха йиш ю университете а, колледже а. Информаци карор ю шуна Министерства образовании т1ехь: www.studieren.at, www.schulpsychologie.at, www.bildungssystem.at.

Дешархошна халабохкучу доьзалера уьш белахь, ахчанца г1о дан йиш ю. Цунах йолу информации шуна карор ю Sozialratgeber организаци лакхара Австри правительстви веб сайт ю www.land-oberoesterreich.gv.at.

### Ден, ненан декхарш

Дас, нанас кхочуш дан деза шайн хенахь бер школе дахийтар а, оьшуш болу г1ирс цаьргахь хилийтар а, Шейн хенахь да-нана гуламе бахкар а, шеен беро ц1ахь беш болчу балхана г1о дар, церан терго яр, юург дикох муха хуьлу аг1о яр.

### Бакхинарш

Нагахь санна шу лахара дешар дешна делахь, шун Австрехь бакъо хир  ю заявка чуяла и дешар т1еэца. Аша иштта гайта деза Австрийцашка шайна и дешар кхин д1а а болх бан оьший. Иштта кхин а пачхьалкаш ю автоматически аттестаташ т1еоьцуш. И список шуна карор . х1окху сайта т1ехь www.bmb.gv.at. Дукха а тайп-тайпана шахьарш ю автоматически т1екаронаш йолу и исписка хаа таро хир ю х1окху сайта т1ехь www.bmb.gv.at .Шайн лакхара дешар т1еэцийта аша лур заявлени Австрийски университете, я институте. Наггахь санна шуна и лакхара дешар т1елаьцна барт беллахь цара т1е оьцур шун диплом. И хаа шун аьтто бу :www.nostrifizierung.at.

Тайп-тайпана корматаллаш ю вайна, къестина корматалла 1амош шайна метигаш ю. Иза карор ю х1окху сайта т1ехь www.berufsanerkennung.at.

### Дисана долу дешарк1хи д1а долу дешар

Нагахь санна шу юккъера дешар чеккхдалаза делахь, шуна иза чеккхдаккха аьтто бу Австрехь. Цунах лаьцна шун хаа аьтто хир бу образовательный учрежденехь. Цхьайолчу

ишколешкахь ю тайп-тайпана корматталлин направленеш, урокаш цигахь суьйрана хуьлу. Лакхарчу Австрехь шуьйра тайп-тайпана 1аморш ду. Наггахь санна шу юккъера дешар дешна дацахь, я и дешар аша чекх даьккхинехь, шу таро хир ю шайн декхар чекхдаккха а, я кхечу корматаллийна дешар деша а. Масала: шуна т1е-кар дуьллу муьлхачу аг1ор и дешар чакхдакха аьтто бар, иштта шун аьтто хир бу дешаран ишкол чекхякха. Цунах лаьцна харш шун карор ду дешаран меттехь, я и къаьстина 1амочо меттехь. Цхьа йолчу ишколан аьтто бу къастийначо корматиллин дешар д1адахьа, цигахь суьйренан хан йолуш. Х1окху веб сайте: www.weiterbilden.at я www.erwachenebildung.at. Кхин д1а шуна оьшуш долу хаарш шу аьтто бу хаа лакхарчу Австрехь. И долуш « Bildungsberatung Oberösterreich» Шуга кхойкху цигахь махза дешаран хьокъехь.

**(Глава 5)**

**Семья**

## Доьзал

Нагахь санна хьо доьзалхочох елахь, хьуна ло паспорт «нана-бер» пхи шо кхаччалц хьан берана терго яр цу паспорта т1ехь хир ду. Нагахь санна шу шайн хенахь лоьрашна т1е ца боьлхахь, алапаца г1о дар шун д1а дер ду. Нагахь санна хьо балхахь елахь, хьан декхар ду хьо доьзалчух юйла шайн хьаькмана д1ахаийтар. Автсрехь хьаькмин декхар ду, хьуна атта болх хилийтар, иштта хьо болхара д1аяккха бакъо яц церан. Лоьрийн страхованис шуна алапа хуьлуьтур ду. Зударин бакъо ю отпуске баха а, бер лелош ц1ахь 1ен а, пасоби эца а. Кхин д1айолу информаци шуна хаа йиши ю «Mutter-Kind-Pass» . Хьо доьзалхочух хилча хьай медицинкий страховка а, белхан бакъонаш а схьаэца йиш хир ю хьан белхан учрежденехь. Массо а хьайна оьшуш дерг хьа хаа йиш хир х1окху белха учрежденехь «Arbeiterkammer»

Нагахь санна болх беш йолу зуда доьзалхочух елахь хьаькмин йиш яц, иза балхара д1аяккха и бер дина а, декретный отпуск а диъ къира далалц. Дуьхьара балха д1ах1оьттинчу шеран баттахь балхара д1аяккха бакъо яц. Декретный отпуск д1аяйолало бер дан барх1 къира дисича, аьчла болх бан декхарехь яц хьо, барх1 къирнах бер деш а, динчул т1ехьа а. Берах йолчу хенахь ца йича йиш йоцу лоьрийн страхованехь х1ора къирнахь хьуна лур ду ахча. Наналла лоруш йолу бакъо массарна а цхьабосса ю, хьан гражданстве а, беран хене а ца хьовсуш. Болх беш хилча, хьуна йог1у декретный отпуск.

**Первые официальные шаги после рождения.**

Шу бер х1инца кхузахь ду. Марша дог1ийла! Хьо х1инца да хиларе терра керлачу декъе ву, иштта керлачу 1едалца барт бан беза. Уггаре хьалха бер дуьненчу даьлча иза зарегистрировать дан деза местный муниципиальный меттехь. Цигахь хьуна лур ду бер даран тоьшалла. Иза хьуна оьшар ду, хьо 1аш йолчу метте язъян бакъо хилар. Бер даран кехат кхин долу документаш санна мехала ду. Цул т1аьхьа ахьа чудала деза заявление хьайн берана д1а-схьа даха бакъо хилийта, заявление чудала деза биъ бутт балале. Шайн бер дуьненчу маца даьлла д1аязйойтур ду аша, шайна диках хетачу меттехь. Цигахь шун аьтто хир бу свидетельство схьа эца и бер дуьненчу далар. Иза шуна оьшур ду шаьш 1ачу меттехь шаьш д1аяздайта. Свидетельство беран аша ч1ог1а лардан деза, шайн вуьш кехаташ санна, х1унда аьлча шу бахархой бу кхаа пачхьалкхан, шу т1еэцначу законаца Австрехь, аша чу дала деза заявление шайн берана хьалхарчу ялх баттахь дуьненчу даьлчул т1аьхьа. Берийн парг1ата д1а-схьа EU/EWR а Швецехь баха йиш йолчу, уьш декхараллехь бу, шайн свидетельство о регистрации карта ша 1аш волчу метта биъ бутт кхачале чу дала деза. Само ян еза аша шайн беранна оьшу чунна, свидетельство и дуьненчу далар а, и д1адаздайтар а. Нагахь шун бер Австри вахархо дацахь, аша заявление яздийр ду и Австрехь т1еэцийтар доьхуш.

**Берашна луш долу пособи (ахча)**

Берашна  пособи эца шу аг1о ю, нагахь санна шу Австрехь прописк елахь.

Пособи эца бакъо ю, нагахь санна шу:

Австрийский гражданство елахь а, 1аш далахь а цигахь, Швецахь 1аш болчу неха а, пхоалг1ачу паччхьалкахь гуттара 1аш белахь, т1елаьцна бежанцаш уьш балхахь 1елахь вацахь ,дала дезаш ду.

Бер кхиоран хьокъехь г1о деш ю ден-денан, лоьран консультаце. Кху хьокъехь йолу информации шуна карор ю кхузахь : « www kinder-jugendhilfe-ooe.at  Нагахь санна бер кхиоран хьокъехь шуна халонаш хуьлуш елахь, я хьо ца ларош хилахь г1о деш консультативный центарш ю.

**Дений, наний бери г1о**

Дений, наний т1ехь доккха дарж ду цхьа бер кхиор. Юьхьанца дуьйна г1о дийр ду царна оьшучунна а. Шун дай, наной таро хир ю кхечу наношца гергало леладан, иштта шун беран а аьтто хир бу, церан берашца гергарло тасса а. цаьрца ловза а. Цкъацц1а шун дай, наной ойла кхоллало, шайна беран т1ехь ницкъ хуьлийте аьлла. Иштта шуна г1о лоцу бераш кхиор хьокъехь, районехь а, г1аличохь а. Кегийчу берийн а, кхиина дог1учу берийн а, бакъо ю, нагахь санна, шаьш ца безамца хьийзош, х1уьттаренаш лелош шайна т1ехь, я ницкъ беш х1ума хилахь, цунах лаьцна информации шуна хаа таро юwww.kinder-jugendhilte-ooe.at.

**Г1о а консультаци**

Сих-сиха ойла кхоллало вайн дахарх, вайна ма-хеттара ца хиларна. Доьзаллехь цхьацца лер-аларш а хуьлу вайн. И бер хьуна кога т1ехоттор хала ду хьайна, я цхьа а ша кхиор т1ех совнаха хетар. Цхьа долу х1уманаш шена нисдан хала ду. Делахь хьо дага вала йиш йолуш меттигаш ю, аларах ца тешаш хьуна г1о дийра долуш. Цигахь хьан таро хир ю парг1ата хьайна оьшург дийца а, ала а, хьайна х1ун оьшу. Т1аккха цара дийр ду хьуна г1о, эр ду хьоьга ахьа дан дезарг. Цхьадолу хьехар деш йолу меттигаш ю, къаьстина доьзалшна а, зудчунна а г1о деш, хьо хала 1аш елахь а, хьо хьийзош елахь а. Хьан бакъо ю яздан веб-сайте хьоьга ладуг1уш йолчу лакхара Австрехь. Нагахь санна хьо д1аязвина а, вехаш а велахь лакхарчу Австрехь, хьан бакъо ю цхьана беранна к1еззиг пособи эца, иштта яздан а, чу дала а кехат хьайн доьзалан  партина. Familienkarte OÖ парг1ат 1ар доьхуш. Бахархошна кхоалг1ачу шерахь бехаш болу, цера хила деза, уьш цигахь бехаш хиларан  ч1аг1онан кехат. Доьзалан партица лакхарчу Австрехь, церан латта т1ехь шу дехаш хиларна, шуна хир ду дукха х1уманна т1ехь г1о. Шун йиш ю лакхарчу Австрийский автобусал а, дуккха йораха поездаца д1ай-схьай баха. Иштта шун бакъо ю х1окху сайта т1ехь шайна йораха бахар-бахкар Австрехь лаха:www..westbahn.at.

Кхин а шун аьтто бу, иштта таро ю, шайн бер ишколе дахале иза застраховать дан, массане хуьлу, иза лазор, авари яр цо, я могуш доцуш хуьлийла и. Кхин д1а болу хаамаш шуна хаа таро хир ю, лакхарчу Австрийский доьзалан парте хаам бийр бу, доьзалан меттехь правительственни штатехь .

**(Глава 6)**

**Ахча к1хи  Банковски счет**

Банкехь хьуна атта хир ду хьайн ахча мел ду хаа. Хьо болха бан вола ма велли хьуна хьан счет т1е дера ду, ахьа болха бина ахча. Иштта хьуна доккхур ду банковский карта, т1аккха хьан аьтто хир бу, и ахча муьлхачу банкоматехь схьаэца а, я муьлхачу туьканахь хьайна хума эца йиш хир ю. Хьан гуттаренна а, аьтто хир бу айхьа заказ йинчу цхьана х1уманна, я хьайн счет  т1ера къаьстийна мелла а дакъа кхечу счет т1е кхосса к1еззиг а ахча. Массо банко хьуна т1екъар дуьллу тайп-тайпана пакеташ банковски счетан. Цу т1ехь шун аьтто хир бу хьовса, мичахь диках ю. Банкера ахча схьаэца хьуна оьшур ду паспорт, я кхин кехаташ т1ехь хьайн сурт а, прописка а йолуш.

**Налогаш  ял яккхар**

Шена т1едиллина декхар кхочуш деш паччхьалкхана ял декхар яккха еза. Австрин бахархойн декхар ду яла езаш йолу ял д1аялар. Австрехь тайп-тайпан ял яккхар ду. Белхало валахь хьай доллахь болх баллахь декхар ву ял яла. Яла автоматически аллап т1ера а товар т1ера чу сацор а ду (10 % 20%).  Цу хьокъехь оьшуш йолу информации шуна карор ю кхузахь: www.finanzonlain.bmf.gv.at а www.bmw.gv.at.

**Декхарш**

Декхарех доккха зен хуьлу. Арендах долу декхар д1а ца делча шеен х1усамах вала тарло. Иштта шеен хеннахь ахча д1адала деза:хинах,токах, газах. Кхуьнан информаци шуна карор ю: www.ooe.schuldner-beratung.at/berating.html а www.schuldner-hilfe.at.

**(Глава7)**

## Могашалла

Стеган дахарехь уггаре мехалла ерг иза могашалла ю. Стаг цомгуш хилча уллехь волчо д1ахайита деза лоьрашка. Цера номерш Австрехь х1орш ю:

Пожарный-122
Полиция (1едал) -133
Врачи (Лоьраш ) – 144
Европейский лоьраш – 112

Х1ора стага шен могашалла ларо еза, цундела массарна т1ехь ду медицинский страховани хилар.

**Страховка хилар т1еч1аг1дина ду.**

Австрехь массо декхараллехь ву лоьрийн страховка хилар ,и т1еч1аг1дина а ду. Белхало елахь а, я белхало велахь а, шу хир ду автоматически застрахован (масала лакха Австрехь меттигерчу лоьрийн страховани – OÖGKK). Шун аьтто бу шайн страховка йолчу лоьрех дагадовла. Шун х1усамца 1елахь а, я х1усам нана елахь, бер делахь берх1итта шо кхаьчна, бераш ворх1 шо кхаччалца доьшуш ду, цера а йиш ю шуьцани застрахованы хила. Кхин д1аболу хаамаш хаа шун аьтто хир бу, шайн лоьрийн страхованехь. Шу муха страховать дина а. Аша схьаоьцур ю лоьмар страховки, и карта а схьоьцур ду. Шайцани хила деза и карта массо а хенахь, шаьш лоьрашна т1е доьлхаш.

**Льорин т1е вахар**

Нагахь санна хьо могуш вацахь, я хьан сагаттадеш цхьа х1ума елахь, ахьа айхьа сихо ян еза лоьранна т1е кхача. Хьо хьажа веза и лор муха ву, хьо хьанна т1евоьду, аьлчи а шортта ц1ахь болх беш волчун лоьрана т1е ваха веза. Цунна хуур ду хьуна х1ун дарба оьшу а, хьан х1у лазар ду а.

Шен болх хууш волчу лоьраца ахьа хьалхех барт бан беза, хьо хьайн хенахь т1е ваха а веза. Са ца тохалуш хьайн лозуш х1ума елахь, белхан хан йоцчу хенахь, ахьа з1етухур ю лоьрийна ц1ийне, я хьо д1авуьгуьтур ву больнице. Хьо лоьрана т1е кхаьччи ахьа хоттур ду, хьо муьлха лор ву аьлла, хаьржина лор ву, я контрактаца веана ву.Лоьрийн страховка мах луш ю, нагах ьи лор контарктаца велахь. Лакха Австрехь меттигерчу страховкин йиш ю шен веб сайте массо а лоьрашца т1екара хила. Дарба дайта шайна аша къастийначу лоьро шуна схьа лур ду цхьа дакъа ахча. Нагахь санна шуна дика немцойн мотт ца хаахь, шун йиш хир ю шайца мотт хууш волу стаг вига. Цхьа йолчу меттехь а хуьлу шай переводчик.

**Освобождение от оплаты лекарственных средств ( молханех ахча цадалар)**

Нагахь санна хьан белхан алап к1еззиг далахь хьуна молханаш хилийта 1едало г1о до. Балха ваха аьтто боцуш хьо висахь, ахьа д1ахаийта деза лоьрашка, т1аьккха хьуна больничны хир ду. Австрехь мах хоттийна ши эзар вуьрх1ийтталг1ачу шарахь 5.85С. И

мах боькъар бу цара оцу лазархочо эцначу молханашна хьажийна. Ахча ма-аллара аптеке д1алур ду, а молханаш д1алуш йолчуьнга. Ца тарлуш хума

хьан дала дезар ду молханех ахча. Цхьа долу дакъа инфекционный лазарш долу пачхьалкхан белхалойх иштта молханаш эца таро хир ю электронный картит1ера. Австрехь берх1итта шо кхаьчна чул т1аьхьа, шарахь цкъа ахча а ца луш, лоьрехь чеккхвала аьтто хир бу. Цу хьокъех хаам шуна лур бу лоьро. Нагахь санна сингаттамо хьо хьийзош велахь хьуна г1о дийр ду и дарба деш волчу лоьро.Цунахь дерг  хуур ду х1окху сайта т1ехь : www.land-oberoesterreicn.gvat

**Могашалла предусмотрительный осмотр.**

Австрехь берх1итта шарал сов хан йолу муьлха а цхьана шарахь цкъа лоьрех вахна чекхвала йиш йолуш ву. Иза дац хьо цомгуш ву бохург, и хьан лаам бу. Цунах лаьцна хьуна схьадуьйцур ду, т1еоьхуш волчу хьан лоьро, лоьрашна т1ехь ду хьоьга хьажар, хьан къайленаш д1а ца йийцар. Лоьрий бакъо яц хьан цамгарех лаьцна шайна хуург кхечуьнга дийца. Иштта муьлхачух 1отта дала там буи за: хьан доьзалх а, х1усам-дех а, ненах а, застрахован волчух а. Шун бакъо ю шаьш ч1аг1дан, шайн г1уллакх хьо т1е оьхуш волчу лоьраца.

**Психосоциальны могашалла**

Могуш хила ахьа айхьа хьайн дагна там бан беза. Нагахь санна  хьайн чуьра доьзалхо, я юккъера стаг веллехь, я иза шен махкара веддехь, я цо  кхи дан ца деза хума динехь, цунна дуьхьал тийса там бу кхераме г1енаш, депрессий хуьлийла цунна дукхах йолчу хенахь и хала лазарш хуьлу. Лакхарчу Австрехь тайп-тайпана меттигаш ю, цигахь шуна г1о дан а аьтто хир бу оцу халачу лазарна. И хаа шуна аьтто хир бу веб-сайте:www.land-oberoesterreich.gv.at

Кх1ин  т1е психотерапевтш а психиаетрш цер ц1ерш адресаш кароp ю интернет т1яхь а телефони книги чохь ю. Нагахь крайний ситуаци елахь психически кризиси аварийны служба ю круглосуточно х1окх номерц 0732/651015 а 07322177 !

**Физически самоопределени а сексуальность**

Х1ора стага шен дег1ах  жоп ло. Австрехь х1орана а бакъо шена луучу кепара 1ен а, ваха. Иза цуьнан  шен лаам бу, шена луучу аг1ор кечвала а, бедар лело а. Могуш хила ахьа айхьа хьайн дагна там бан беза. Нагахь санна  хьайн чуьра доьзалхо, я юккъера стаг веллехь, я иза шен махкара веддехь, я цо  кхи дан ца деза хума динехь, цунна дуьхьал тийса там бу кхераме г1енаш, депрессий хуьлийла цунна дукхах йолчу хенахь и хала лазарш хуьлу.

**(Глава 8)**

## Защита окружающей среды ( 1алам лардар)

Австрехь 1алам лардар ч1ог1а хьалаайдина ду, массо аг1ор тидам т1е бохуьйтуш.Австрехь ц1ано латторна .Иштта ягош йолу ток а ,хи а лардаран хьокъехь тидам бо 1едало. 1алам лардар Австрехь ч1ог1а мехалла ду. Стаг веллахь а, зуда еллахь а, ларо деза и 1алам. Масала: 1алам а, х1аваъ а ц1ена хир ду аша иза лардахь. Нехаш мич-мичахь охьа кхисса меггар дац, цул совнаха и нехаша ша-ша яхна , нисйина охьакхийсина ю тонналц шен-шен басахь.Масала: ц1енарш кехаташ, я беццаранаш – биоотходашна. Иза мехалла ду вайн 1аламна, цхьа басса нехаш т1е гуллор, т1аккха цхьабасса д1анийс лур ю. Цул совнаха хьуна нехаш д1анийсъярна ахча дукхах хир ду.

### Советаш по утилизации

Шаьш нехаш д1а кхуьйсуш, уьш хуьлийла( езачу пластиках, я куьзганах, я кехатах) ц1ена нехаш. Т1аккха и нехаш д1акхача там бу цера эвла юкъехь лакхарчу Австрехь. Иштта хила деза вай ц1ахь санна, вайна а ма лаьа, дукха нах бехачу меттехь ц1ена хила, массо метте нехаш чу кхисса х1иттина корзинаш ду. Аша пайда бе оцу шишанах а, банках, кехатах а, уьш ма хилийта некъа т1ехь, я шаьрачу арахь.

### Советаш ток ларъян

Вай декхараллехь ду вайн гуо ларбан,иштта ларъян езе ток а, тоьках ахча дала деза, т1аккха и ахча а кхоа дан деза. 1аьн т1ехь Австрехь ч1ог1а дукха хуьлу токах декхар, цо хьок1ехь хьехар до ток муха кхоа ян еза. Хьан йохъеш йолчу чоьна кор диллина делахь, цу чохь дукхах ток яла йо и йовхо мича йоьда а ца хаьа. Диках хир ду дийнахь массийтаза кор д1а а доьллуш, сих-сиха т1екъовлуш хилча. Массо а чоь йох ян еза. Буьйсанна шаьш чохь бацахь, т1аккха температура лахьян еза. Шаьш чохь ца 1ачу чоьнаш чохь стогарш хьала ма лата де. Телефона зарядка схьаяккха, цо зарядка йинехь а чуьра схьаяккха, хьо къамел деш велахь а йойу цо ток. Ток яйа мегар ду шаьш яахума еш, яахума еш болчу яйна т1е нег1ар тоха деза, цул совнаха шайна дикох стогарш леладе-ЛЭД, уьш вайна гуттаре а лелочарел г1олехь ду, а механа уьш дезох ду, амма дукхох лаьтта. Шаьш керла иту а, микроволновка а, миксер а оьцучу хенахь, шу хьовса деза царех ток дукха а, к1езиг а йойуш муьлханарш ю.

### Хи деза ду иза ларъда деза

Шаьш луьйчуш, цергаш йуьлуш а хи диллина дита мегар дац. Луьйчуш аш ницкъ мел кхочу а к1еззиг дайа деза, шаьш ванни чу дуьйшучул а. Пхьег1аш юьлу машен а, х1уманаш юьтту машен а, латор ю аша-иза хих юьзинчул т1аьхьа.

## (Г лава 9)

## 1ар вахар

Х1усам лохучу хенахь шун барт хила беза, и муьлхачу меттехь шена еза , мел йоккха ю, мах х1ун хир бу, Иштта аренда хьайн х1усам д1аяла йиш а ю хьан. Нагахь санна хьо лууш хьайн х1усам арендовать ян, хьуна т1ехь ду хьалхох хьайца йог1учу муниципальный бюро в магистрате я г1ишлош ечу меттехь лахар. Я хьо Австрийский вахархо вацахь, т1аккха ахьа хьо Австрехь д1авазвайта везаг1ишлош езачу меттехь. Хьайна мел хан оьшу и хьан тидам хила беза. Нагахь санна карарчу хенахь собар дан дезащ хилахь, я чу 1ен х1усам а йоцуш, иза хьуна ч1ог1а мехала ду, хьо зарегистрировать вар, угаре йорах муниципальный х1усамийн ассоциацехь. Цул совнаха хьан аьтту и х1усам айхьа лаха а, я оцу агентство недвижимости, цаьрга и терго яйтар. Нагахь санна х1усам ахьа цаьргахула лахахь, хьо декхараллехь ву мах балар. Цара хьуна хьан аренде хьажжина шина баттана мах х1отта бо. Шайн долахь йолу х1усам хьан лаха аьтто хир бу мокъачу дийнахь: газета т1ехь, интернет чохь, я туькана не1ара т1ехь, тоьхана хаамаш хуьлу.

Шен аьттоне хьаьжжина лаха еза квартира, квартира лахаран хьокъехь муниципальный объеденениc г1о деш ду хьуна. Нагахь санна хьо Австрийский вахархо велахь, цара хьо т1еэцна хила везаш ву. Вехха хьо квартире хьоьжаш 1ан тарло, цундела хьуна муниципальный х1усаман регистраций хилар г1олехь ду. Хьо вехаш волчу х1усамера хьо керла х1усаме воьдахь, хьуна х1ора шарахь ахьа дайинчу ахчанах, цхьа дакъа юха лур ду. Ахьа лоцуш хьайна хьа квартира хилахь хьуна г1о деш недвижимость белхало хуьлу, хьуна г1о дарна уьнан шеен алапа ду. Газ, ток а, ахьа яйаре терра даладеза ахча. Яйинчу тоьках ахча д1ададалар масийтта декъе декъало : шарахь цкъа, цул дуккхох ахьа яйахь ток, ткъа хьуна Австрицаша г1о до. Цунах йолу информации шуна карор ю кхузахь: www.e-control.at .

Хьан х1усаман а, бахаман страховка хила еза, хьуна цхьа бохам хилахь (ц1е яьлла, я хи чу деана) т1аккха цара хьуна г1о дийр ду. Нагахь хьан страховка яцахь хьайн чоьтах ян еза ремонт.

**Ахь бина барт**

Ахьа бина барт йозанца ч1аг1бина хила беза, т1аккха бен хьуна 1едало г1о лоцар дац. Нагахь санна хьуна и барт бохо лаахь, иза хьан лаам бу.

Австрехь оьшу прописка , и бохуг ду нагахь Австре кхеч меттигер схаьвеьан валахь меттиг хицняхь . Регистрационны бюро чохь а Мэри а Магистратяьх прописка йа йиш ю . Кхин т1е прописки формулярш я йиш ю интернет сайт т1ех htt://www.help.gv.at/Portal.Node/hlpd/publi/resource/document/melde.pdf. Керлачу меттигях прописки 3 д1е хан ю.

**Телевидени радио** Нагахь шу чохь тельвизор ялахь а радио ялахь аша регистраци я еза инфо сервисях (GIS) олуш йолу центряхь цунах мах бала беза . Нагахь шу доход лахар ялахь, шу а йиш ю и мах цабала.

**Квартира яр** Нагахьсана квартира яр  тарлах , шу а сиха дала деза . Консультаци меттигшках шуна г1о дира ду ахчанца а к1хи квартир лохуш.

## (Глава 10)

## Транспорт

Х1ора денна диъ б1е эзар сов вахар вар 1едалан  машенаш т1ехь хуьлу Австрехь (автобус, тамвай) Автобус т1ехь , тр амвай т1ехь ког1ург сихоха кхочу, машена т1ехь вог1учул а. Лакха Австрехь адамийн транспорт ч1ога тидаме эцна ю 1едало. Массо транспортан ше-шен билет хила деза , и ца хилахь 1едало доккха г1уда туху. Амма дешархошкара лакха Австрехь ахча цадоккху. Лакхара Австри веб сайт1ех транспортны сети шуна карор ю онлайн информаци поезди расписани www.oevv.at. Доккхи поставщикш поезди ю ÖBB австрийски эчиг некьаш www.oebb.at а Westbahn www.westbahn.at. Кхин д1а йолу информаци шуна карор ю интернет сайт т1ех.

### Некьа закон

Австрехь 1едало ч1ог1а тидаме эцна ду некъа бакъонаш ларъяр. Иштта тидаме эцна бу: велосипедисташ, г1ашлелархой, г1удалкхаш т1ехь берш а.

Австрийски некьа закон ду 1960 шарер. Иза ду масарна  общественны транспорти а машена некь беш волчун. Знаконаш а сфетофораш лар я еза, царах штраф хир ю Дорожны движенях ляцна сайташ ю, царна т1ех карор ю информаци .

**(Глава 11)**

## Равное обращение и равные права

Австрехь зударийн а божарийн а цхьатерра бакъонаш ю, боьрша стаг, зуда а цхьана 1аш делахь, деш долу г1улакх, бере хьажар а, схьаоьцуш долу алапа а, цхьа босса хила деза . Нагахь санна и зуда болх беш яцахь а иза дац цуьнан бакъонаш къезиг ю бохург. Вовшах ца башар, я динаца хуьлийла и, я с1ахьваьллачу меттигах доьзна хуьлийла и, я заь1ап хуьлийла иза, уьш ч1ога цамагадо 1едало. Нагахь санна цу хьокъехь хьайна цхьаъ тосаделлехь 1едале д1ахаийта деза, шорта организацеш ю хьуна г1о дийр долуш.

### Брак и сожительство.

Австрехь тайн-тайпана аг1онаш ю цхьана 1ен йиш йолуш. Зудчунна а, стега цхьатерра бакъонаш ю шайна луучаьрца дахар кхолла. Иштточарна юккъехь бу бераш доцурш а, царна юкъахь д1а-схьа а къаьстина юха вовшах кхеттарш а. Стаг-стагаца 1аш, зуда-зудчуьнца 1аш хила а тарло. Иштта болу безам а 1едало Австрехь т1еэцна бу. Царна г1о деш хьехаран услугаш а ю. Линцехь ю HOSI олушь организаци гомосексуалистащах лаьцна . Кхин дуккха ю дика консультацеш цунах лаьцна к1ху т1ехь www.hosilinz.at. Иштта 1.1.2010 однополы парнаши йиш ю шай бракш регистрировать я Лархара Австрехь. Кхин д1а йолу информаци шуна карор ю www.partnerschaftsgesetzt.at.

### Ц1анна г1алахь дахар

Дукхах болу лакхарчу Австрехь 1аш болу бахархой, шайн мукъа йолчу хенехь клубе оьху. И хила тарло ницкъаца къовсалуш йолу тоба. Шайн лаамехь лелаш йолу ц1еран тоба а, берийн я кегирхойн тоба, зурма локхуш йолу тоба а, зудрийна, божарийна а къовса балар. Дукхах йолчу меттехь ц1ера бевлачу наха схьайиллина культурный клубаш. Хатта йиш ю муьлха культурный клубаш ю г1алахь. Х1ун хаа шуна баха безам хуьлий цига.  Иштта лакхарчу Австрехь ю шортта сада1а меттигаш: музей, театр, опера. Иштта аьтто бу неха 1аламах безам эца а, спортаца гергарло тасса а. И хаа йиш хир ю шун х1окху сайта т1ехь:htt://www.ulf-ooe.at .

Лакхарчу Австрехь ю шортта музейш а,гайтаран чоьнаш а. Цара схьагойтуш ю даьхна а, дехкина суьрташ а, 1алам а, керла юккъеевла х1уманаш а. Иштта шун хатта аьтто бу, шайн юххерчу г1алахь х1ун музейш ю, шуна сада1аран меттигаш ю. Иштта неха аьтто бу керла адам довза а, гергарло таса а. Шун аьтто бу х1окху сайта т1е хьажа: www.kunsthunger-ooe.at.  Кху сайта т1ехь шуна карор ю. Сурт диллар учреждени информации. Культурный паспорт хилчи, шун аьтто бу дорах билеташ эца концерте а ,музей а ,театре даха.

### Ц1анна юртах дахар

Нагахь санна чоьхь доьзаллехь дукха белахь и мехала ду, уьш бертахь 1ер, дахар. Нагахь санна хьан дин бахьанехь ,я хьо  заь1ап стаг  ву аьлла , я кхечу къома ву аьлла ,

хьо хьийзо Австрехь  бакъо яц. Иштта бакъо ю Антидискриминационни учреждени г1о деха. Цул совнаха лакхарчу Австрехь шортта организацеш ю, цаьргахула а хьайн бакъо йийца йиш ю хьан.